

Montre ou responsab epi Evite Trajedi Moun ki Distrè yo Lakòz pandan w ap Kondi



Etènn aparèy elektrik yo epi mete yo kote pou pa jwenn yo anvan ou kòmanse kondi. Pa janm mete telefòn ou nan chapo ou oswa nan foulou ou pou pale pandan w ap kondi.

Montre ou se yon bon modèl pou lòt chofè yo. Lè ou se yon pasaje, ofri pou fè yon koutfil oswa pou voye yon tèks pou chofè a yon fason pou tout atansyon li rete sou sekirite pandan l ap kondi. Pale avèk timoun yo sou fason pou yo kondi kòm moun ki responsab.

Toujou mete senti sekirite epi mete timoun yo nan chèz sekirite pou kenbe yo pwoteje kont chofè danjere yo.

Tout pyeton ak moun ki sou bisiklèt yo ta dwe konsantre sou lantouraj yo epi yo pa ta dwe itilize aparèy elektwonik.

Sous: Ekstrè nan dat 6 Septanm 2018 <https://www.safercar.gov/press-releases/us-dot-and-nhtsa-kick-5th-annual-u-drive-u-text-u-pay-campaign>

Si W ap voye Tèks Pandan ou Dèyè Volan an , Ou 20 Fwa Plis Chans pou Mele nan Yon Aksidan Pase yon Chofè ki Pa Distrè.

- 3450 moun te mouri nan aksidan ki te gen rapò avèk chofè distrè nan ane 2016.
- 562 pyeton, moun ki sou bisiklèt, ak lòt moun te mouri nan aksidan akòz distraksyon chofè, nan ane 2016.
- 70% chofè kite distrè nan aksidan ki te touye moun se te gason, parapò avèk 74 pousan chofè yo nan tout aksidan yo ki te touye moun.
- Itilizasyon telefòn selilè alamen pandan chofè yo t ap kondi pi wo pami chofè ki gen laj 15-29 ane.
- Chofè fanm yo ki gen yon telefòn selilè te pi ka mele nan aksidan ki touye moun akòz distraksyon pandan yo t ap kondi parapò avèk chofè gason yo chak ane depi ane 2012.
- 9% tout chofè ki gen laj 15-19 ane ki te mele nan aksidan ki te touye moun se chofè yo rapòte ki te distrè pandan yo t ap kondi.

(Sources: Retrieved 9/6/18 <https://www.safercar.gov/press-releases/us-dot-and-nhtsa-kick-5th-annual-u-drive-u-text-u-pay-campaign>)

Sanksyon Legal yo Kapab Kòmanse depi Peman Amann Ak Frè Anplis pou Rive Nan Konsekans Grav Konsènan Imigrasyon.

Lalwa entèdi ou pou itilize yon telefòn selilè oswa yon aparèy elektwonik pòtatif alamen pandan w ap kondi. Aktivite ilegal gen ladan kenbe yon aparèy elektwonik pòtatif ak pale nan yon telefòn selilè pou konpoze, voye, li, chèche, navigé, transmèt, sovgade, oswa ekstrè done elektwonik tankou imèl, mesaj nan tèks, oswa paj sitwèb, gade, oswa transmèt imaj oswa jwe jwèt.

Eksepsyon nan lalwa, siyifikasyon, li ilegal pou: rele 911 oswa pou kontakte pèsonèl medikal, ponpye oswa lapolis konsènan yon ijans. Pou yon chofè itilize yon telefòn selilè avèk men lib, k ap pèmèt itilizatè a kominike san li pa itilize okenn men li. Pou itilize yon aparèy elektwonik alamen ki kole nan yon sifas veyikil la. Pou itilize yon GPS ki tache nan veyikil la.

Ou kapab resevwa yon kontravansyon epi ou kapab gen pou peye yon amann ak frè siplemantè poutèt ou itilize yon aparèy elektwonik pòtatif pandan w ap kondi. Kondanasyon pou itilizasyon telefòn selilè, aparèy elektwonik pòtatif oswa yon vyolasyon an rapò avèk voye oswa li tèks ap lakòz nou ajoute pwen nan dosye kondi DMV ou. Si ou resevwa 11 pwen nan yon peryòd 18 mwa, nou ka sispann lisans chofè ou. Pou aprann plis, gade [Enfòmasyon sou Sistèm Pwen Chofè Eta New York](http://dmv.ny.gov/tickets/about-nys-driver-point-system), <http://dmv.ny.gov/tickets/about-nys-driver-point-system>.

TS.DD. Somali. Distracted Driving (Rev. 2019)